



**SESORAH BUPATI SLEMAN  
WONTENING ADICARA TIRAKATAN  
HAMENGETI RI-DUMADOSIPUN INGKANG KAPING-  
103 KABUPATEN SLEMAN  
SURYA : 14 MEI 2019**

*Assalamu'alaikum Wr.Wb.*

*Mugi Kasarasan, karahayon, raos bagya mulya tansah kajawa  
kasarira kula penjenengan sami*

Ingkang satuhu kinabekten Para sesepuh, aji sepuh, saha para pangembating praja, satriyaning negari ingkang sampun buntasing kawruh.

Ingkang kinurmatan sagunging tamu sinedhahan miwah sedaya para rawuh ingkang sinudarsana.

Langkung rumiyin sumangga kula dherekaken manengku puja, tansah atur pangalembana dhateng Gusti

Allah ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring kanugrahan, kanikmatan, ugi rahmat hidayahipun dhumateng kula panjenengan sami, satemah ing titi wanci punika saged kempal manunggal ingadicara malem tirakatan hamengeti Ridumadosipun ingkang kaping 103 Kabupaten Sleman warsa 2019.

Ing titi wanci ingkang kebak raos bagya mulya menika, kula minangka Bupati Sleman ngaturaken “Sugeng ambal warsa ingkang kaping-103 Kabupaten Sleman, katur dhumateng sedaya warga masyarakat Sleman” Mugi-mugi kanthi tambahing yuswa Kabupaten menika, sageda mahanani tumrap sedaya warga masyarakat, anggenipun gesang tembayatan dhateng warga sak kiwa-tengenipun kanthi kebak raos tresno welas asih, satemah saged gesang ayem-tentrem guyup-rukun.

### **Sagung para rawuh ingkang kula tresnani**

Kula sedaya ngrumaosi bilih pembangunan ingkang sampun dipun lampahi Pemerintah Kabupaten Sleman menika saged lumampah lan kasil kanthi sae inggih awit panyengkuyungipun sedaya warga masyarakat. Pramila wonten ing titi wanci menika, kula minangka bupati lan minangka diri kula pribadi, ngaturaken agunging panuwun

dhumateng para manggalaning Paprentahan ing Sleman kadosdene anggota Legislatif, Eksekutif, ugi Aparatur Sipil Negara, Partikelir lan ugi sedaya warga masyarakat Sleman, ingkang sampun paring sumbang-sih pamikiran iguh pratikel, ugi sampun sami sengkut gumregut anggenipun makarya murih majeng lan ngrembakanipun pembangunan satemah nuwuhaken kamulyan lan saged ningkataken karta raharjaning warga masyarakat Sleman.

### **Sagung para rawuh ingkang dhahat kinurmatan.**

Irah-irahan utawi tema Ri-dumadosipun Kabupaten Sleman ingkang kaping 103 sakmenika “**MENINGKATKAN PARTISIPASI MASYARAKAT MENUJU SLEMAN YANG BERDAYA SAING DAN MANDIRI**”. Kanthi menika kula anggajab sedaya kemawon tansah ngobaraken greded gotong royong, golong gilig , manunggal sedya kangge ngobahaken rodhaning pembangunan ing Kabupaten Sleman. wontening dalu menika kula panjenengan sami Tirakatan, ngeningaken cipta, supados saged mawas diri dhateng sedaya krida ingkang sampun dipun tindakaken, satemah ing samangke saged makarya ingkang langkung sae.

Temtu kemawon kula gadhah pengajeng-ajeng supados sedaya masyarakat guyup rukun gotong royong, sami sengkut gumregut wani ngadhepi majengipun jaman kanthi mboten nilaraken budi pekerti luhur ingkang sampun dados jati dirinipun para leluhur. Ing yuswa ingkang kaping 103, sumangga kita sedaya paring sumbangsih, maneka warni gagasan iguh pratikel kangge majeng lan makmuripun kabupaten Sleman.

### **Bapak ibu ingkang kinurmatan**

Kula ugi ngaturaken panuwun awit panyengkuyungipun sedaya tataran masyarakat saengga Kabupaten Sleman sampun kasil amboyong maneka warni penghargaan utawi bebingah. Penghargaan utawi bebingah sawau kados dene Penghargaan SLRT Award dan Ngantar Paimah, Penghargaan Kabupaten Layak Anak Tingkat Nindya, Anugrah Ki Hajar awit upaya ngembangaken TIK kangge nyengkuyung proses Pendidikan, Predikat A dalam Implementasi Sistem Akuntabilitas Kinerja Instansi Pemerintah (SAKIP), Se-DIY namung Sleman ingkang kasil kanthi SAKIP predikat A, Sleman ugi kasil ngregem opini WTP ngantos kaping 8 kanthi terus-terusan. Sedaya bebingah mugi mboten ndandosaken

kula panjenengan malah lirwa. Bebingah sawau sageda dados pamecut kangge makarya langkung sae. Pramila menika sumangga kula panjenengan tansaya ngrapetaken barisan, manunggal sedya supados Sleman tansaya ngrembaka, lan misuwur kangge angadhepi tantangan jaman mliginipun ing samangke tumapaking era revolusi industri 4.0.

Cekap semanten atur kula, mugi-mugi Gusti Ingkang Maha Asih tansah nuntun lampah lan paring ridho dhateng kula panjenengan sami, anggenipun sumedya ningkataken rodhaning paprentahan lan pembangunan daerah ingkang langkung migunani lan manfa'at tumrap sedaya warga masyarakat ing Kukuban Kabupaten Sleman. Aamiin.

*Wassalamu'alaikum Wr.Wb.*

Sleman, 14 Mei 2019

Bupati Sleman

**SRI PURNOMO**